

SS.7.C.3.7

Analize enpak trèzyèm, katòzyèm, kenzyèm, diznevyèm, vennkatriyèm, ak vennsizyèm amannman an sou patisipasyon gwoup minorite yo nan pwosès politik Ameriken an

SS.7.C.3.7 Klarifikasyon sou Nosyon Fondamantal 1: Elèv ap gen pou rekonèt dwa ki dekri nan amannman sa yo.

Amanman	Dat Ratifikasyon	Dwa ki te enkli nan amannman yo
Trèzyèm Amanman	1865	Amanman sa a fè esklavaj ilegal nan peyi Etazini.
Katòzyèm Amanman	1868	Amanman sa a di ke nenpòt moun ki fèt peyi Etazini se yon sitwayen Ameriken e ke yo genyen menm dwa tankou nenpòt lòt sitwayen Ameriken
Kenzyèm Amanman	1870	Amanman sa a di k eras yo pa kabap itilize tankou yon rezon pou pran dwa yon moun pou l vote.
Diznevyèm Amanman	1920	Amanman sa a bay fanm yo dwa pou yo vote epi fè l yon bagay ilegal pou diskriminen kont fanm k'ap vote.
Vennkatriyèm Amanman	1964	Amanman sa a te di ke taks biwo vòt yo te ilegal, a ke si yon moun ta bliye peye taks yon biwo vòt sa pa ta kapab yon rezon pou pran dwa moun nan pou l vote.
Vennsizyèm Amanman	1971	Amanman sa a te di ke nenpòt sitwayen Ameriken ki gen dizwitan oubyen plis te ka vote. (Anvan 1971, gouvènman federal la ak kèk Eta te pèmèt sèlman moun yo ki e gen venteyinan oubyen pi gran pou vote).

diskrimine - pa trete yon moun osinon yon gwoup menm jan poutèt ras yo, relijyon, sèks yo, si yo andikape, oswa lòt rezon ankò.

ratifikasyon - pwosesis pou apwouve fòmèlman yon bagay; ratifikasyon Konstitisyon Etazini an

Taks biwo vòt – yon kòb yon moun gen pou peye pou l ka vote